



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE SENKYÈM PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA  
2024 LA: KONSÒSYÒM EMPIRE AI LA PRAL FÈ NEW YORK VIN LIDÈ NASYONAL  
NAN RECHÈCH AK INOVASYON IA**

*Yo te angaje plis pase 400 milyon dola nan finansman piblik ak prive pou kreye  
'Empire AI'*

*Sèt nan inivèsite ak enstitisyon rechèch prensipal New York yo pral rejwenn  
konsòsyòm lan pou ankouraje rechèch responsab ak opòtinite sou IA ki  
konsantre sou enterè piblik la*

***Règleman New York la etabli pratik pou ajans Eta yo fè yon itilizasyon responsab  
IA***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kreyasyon yon konsòsyòm pou garanti plas New York nan avangad transfòmasyon entelijans atifisyèl (Artificial Intelligence, AI), oswa IA. Konsòsyòm lan, ki rele Empire AI, pral kreye ak lanse yon sant enfòmasyon entelijans atifisyèl dènye kri nan lòt Eta New York pou enstitisyon prensipal New York yo itilize pou ankouraje rechèch ak devlopman responsab, kreye travay ak debloke opòtinite IA (entelijans atifisyèl) ki konsantre sou enterè piblik la. Gouvènè Hochul te pibliye tou yon nouvo règleman pou asire ajans yo nan gouvènman eta a konprann kijan pou yo eksplwate teknoloji IA yon fason responsab pou yo ka pi byen sèvi Nouyòkè yo.

"Depi nan jou Kanal Erie yo, New York te toujou lidè nasyon an nan teknoloji ak inovasyon," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konsòsyòm Empire AI a pral yon bagay ki transfòmatè: K ap pote travay ak opòtinite nan New York epi fè nou se yon lidè mondyal nan sektè revolisyonè sa a. Ansanm ak patnè nou yo nan inivèsite ak sektè prive a, nou pral eksplwate kapasite entelijans atifisyèl epi asire nou teknoloji sa a ap itilize nan enterè piblik la."

Aksè ak resous enfòmasyon ki alimante sistèm IA yo koute chè anpil epi difisil pou jwenn. Resous sa yo de pli zan pli konsantre nan men gwo konpayi teknoloji yo, ki kenbe gwo kontwòl ekosistèm devlopman IA a. Pa konsekan, chèchè yo, òganizasyon enterè piblik yo ak ti konpayi yo ap rete dèyè, sa ki gen gwo enplikasyon pou sekirite IA ak sosyete a an jeneral. Empire AI pral konble vid sa a epi akselere devlopman IA ki santre sou enterè piblik la nan Eta New York. Pèmèt rechèch ak devlopman pyonyè nan

IA sa a pral ede tou enstitisyon edikatif yo mennen nan jèn antrepriz teknoloji lavni yo ki konsantre sou IA, pou mennen nan ogmantasyon travay.

Empire AI pral yon konsòsyòm ki gen ladan sèt enstitisyon fondatè—Inivèsite Columbia ak Cornell (Columbia & Cornell University), Inivèsite New York (New York University), Enstiti Politeknik Rensselaer (Rensselaer Polytechnic Institute), Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) ak Fondasyon Simons (Simons Foundation). Lè nou ogmante kolaborasyon ant enstitisyon rechèch klas mondyal Eta New York yo, Empire AI pral pèmèt rive nan anplè ki pa posib pou yon sèl inivèsite atenn poukont li, bay otonomi ak atire gwo pwofesè ak elaji opòtinite edikatif yo, epi mennen nan yon vag inovasyon responsab ki pral ranfòse anpil ekonomi eta nou an ak sekirite nasyonal nou. Nou konsidere Inivèsite Buffalo (University of Buffalo) kòm yon sit potansyèl.

Inisyativ pou rasanble chèchè nan IA, syantifik, antreprenè, filantwòp ak lòt pral jwenn finansman plis pase 400 milyon dola nan investisman piblik ak prive. Sa enkli jiska 275 milyon ki soti nan Eta a nan sibvansyon ak lòt finansman, ak plis pase 125 milyon dola ki soti nan enstitisyon fondatè yo ak lòt patnè prive tankou Fondasyon Simons ak Tom Secunda. Enstiti Flatiron nan Fondasyon Simon an se yon kominote syantifik k ap travay pou fè avanse rechèch atravè metòd enfòmasyon, tankou analiz done, teyori, modèl ak similasyon. Tom Secunda se ko-fondatè Bloomberg LP ak Secunda Family Foundation, ki bay plizyè milyon dola pa ane nan sibvansyon pou konsèvasyon, swen sante, avansman syantifik ak lòt kòz.

Gouvènè a te mande Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Office of Information Technology Services, ITS) an tou pou yo pibliye yon règleman sou IA, ki se premye nan sans sa a, ke n ap jwenn [isit la](#). Règleman an etabli prensip ak paramèt ajans eta yo ka evalye epi adopte sistèm IA yo pou pi byen sèvi Nouyòk yo, tankou, pa egzanp, ede koresponn moun ak travay yo, bay avantaj yon fason ki pi efikas, eksplòre zouti sou aksesibilite yo epi idantifye ak diminye risk sekirite enfòmasyon yo. Règleman an pral asire ajans yo rete vijilan tou pou evalye nenpòt risk ki genyen nan itilize sistèm IA ak pwoteje kont rezilta endezirab.

Anons jodi a baze sou angajman Gouvènè Hochul pou l fè New York vin yon lidè nan devlopman teknoloji dènye kri, mennen konpayi tankou [Micron](#) ak [TTM Technologies](#) nan eta a epi investi nan [rechèch ak fabrikasyon avanse semikondiktè](#) nan Albany. Gouvènè Hochul te fè avanse pwojè yo tou ki vize entwodui teknoloji nan lekòl New York yo. Nan mwa desanm lan, Gouvènè a [te inogire](#) Lekòl Segondè pou Syans, Teknoloji, Atizay ak Matematik (Science, Technology, Arts and Math, STEAM) nan Syracuse – premye lekòl segondè teknik rejyonal nan Sant New York. Nan mwa jiyè a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) Pwogram Pathways in Technology (Pakou nan Teknoloji) Eta New York la te resevwa 31.5 milyon dola nan finansman pou prepare etidyan New York yo pou travay trè kalifye nan teknoloji.

**Direktè Enfòmasyon ak Direktè Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta New York la, Dru Rai, te deklare,** "Etablisman premye règleman nan tout eta a ki gouvènè IA pral

sèvi kòm yon plan pou pwofite teknoloji sa a k ap emèje rapidman pou jwenn tout avantaj posib pandan n ap diminye risk, epi konplete travay ekstrawòdinè anplwaye nou yo deja fè pou benefisye pèp New York la. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, nou fyè dèske nou jwe yon wòl enpòtan nan pwochen faz IA nan eta a, epi direktiv sa yo pral asire nou fè sa avèk jistis, responsablite ak transparans."

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Inisyativ Empire AI Gouvènè Hochul la pral mete resous enpòtan nan men chèchè ak edikatè ekstrawòdinè SUNY yo. Nou pral itilize zouti syantifik dènye kri sa yo pou ankouraje inovasyon, epi pou etabli pi bon pratik pou itilizasyon etik pouvwatransfòmasyon IA. SUNY fyè pou l asime responsablite a nan domèn k ap emèje sa a, epi pou l fè pati konsòsyòm prensipal Gouvènè Hochul la."

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare,** "Enstitisyon edikasyon siperyè New York yo, ki gen ladan CUNY, te depi lontan lidè nan rechèch ak bous etid epi nouvo inisyativ sa a ak etablisman enfòmatisa a pral pèmèt nou fè avanse ak itilize teknoloji IA ansanm ak kreye yon modèl nasyonal pou travay sa a. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak patnè tankou Fondasyon Simons kote investisman yo nan Empire AI pral pèmèt CUNY patisipe nan inisyativ sa a epi kontinye ogmante pouvwatransfòmasyon rechèch nan enterè piblik la."

**Prezidan Inivèsite Columbia, Minouche Shafik, te deklare,** "Vizyon pou Empire AI se pou bay kominote rechèch akademik nan New York la yon etablisman enfòmatisa dènye kri ki sipòte rechèch trè avanse. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou vizyon odasye li pou asire ke enstitisyon akademik nan Eta New York yo ka rete konpetitif ak vizyonè pandan teknoloji k ap avanse rapid sa a ap kontinye transfòme lavi nou. Columbia kontan pou l fè pati inisyativ sa."

**Prezidan Inivèsite Cornell, Martha E. Pollack, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m wè devlopman etablisman enfòmatisa pataje sa a, ki pral akselere rechèch ki trè avanse ak zouti IA yo yon fason responsab nan avantaj tout Nouyòkè yo. Kòm entelijans atifisyèl pwomèt pou transfòme ekonomi nou an, akselere dekouvèt medikal, epi ofri zouti san parèy pou rechèch, li obligatwa pou enstitisyon rechèch akademik tankou Cornell fè patenarya pou optimize teknoloji IA nan sèvis byen piblik la. Mwen vle espesyalman remèsye Gouvènè Hochul pou apwòch inovatè ki pral debloke rechèch pyonye IA yo avèk fakilite Cornell, epi mete New York nan avangad inovasyon entelijans atifisyèl."

**Prezidan Inivèsite New York, Linda G. Mills, te deklare,** "Dekouvèt syantifik ak inovasyon atravè divès domèn se pwodwi travay di ak kolaborasyon, epi li de pli zan pli alimante pa mwayen aksè a pisans enfòmatisa ki toujou pi gwo. NYU kontan anpil pou l rejwenn patnè akademik parèy nou yo atravè vil la ak eta a pou asire Empire AI ede New York rete youn nan pi gwo kapital teknoloji nan mond lan epi pou l nan avangad teknoloji IA. Nou remèsye tou Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li ak angajman li anvè kalite investisman alontèm sa a, ki pèmèt gwo inivèsite yo fè rechèch enpòtan

epi, an retou, kontribiye nan pwosperite New York, kreye nouvo djòb ak nouvo sektè ekonomik, epi asire pozisyon lidèchip Eta New York nan teknoloji alavni."

**Prezidan Enstiti Politeknik Rensselaer, Martin A. Schmidt, te deklare,** "Depi fondasyon nou an 200 ane de sa, misyon nou nan Enstiti Politeknik Rensselaer se pou fè avanse dekouvèt teknolojik nan avantaj tout moun. Kounye a, nan syèk k ap vini an epi kòm yon manm inogirasyon Empire AI, nou pral kontinye misyon sa a nan eksplòre plis fason entelijans atifisyèl ka amelyore lavi tout moun. Nou bat bravo pou vizyon Gouvènè Hochul pou rasanble pi gwo enstitisyon rechèch yo nan eta a pou reyalize aplikasyon IA ki pyonye, pisan ak an sekirite."

**Prezidan Fondasyon Simons, David Spergel, te deklare,** "Fondasyon Simons kontan anpil pou l vin yon patnè nan bati nouvo etablisman IA sa a ki pral pèmèt chèchè nan CUNY, Enstiti Flatiron Fondasyon Simons ak lòt patnè Eta New York yo gen aksè a enstalasyon dènnye kri."

**Ko-fondatè ak Vis Prezidan Bloomerg LP, Tom Secunda, te deklare,** "Empire AI se yon etap enkwayab pou asire eta nou an ak nasyon nou an kapab pwofite, konprann, ak byen mete aksyon yon fason reflechi dènnye avanse entelijans atifisyèl ak kalkil pou eksplòre nouvo fwontyè yo epi sèvi tout Nouyòkè yo. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè a ak patenarya Eta a pou reyalize sa a. Li pral byen sèvi yon jenerasyon chèchè epi pote espwa ak opòtinite pou tout moun."

**Prezidan & Direktris Egzekitif Jeneral Tech:NYC, Julie Samuels, te deklare,** "Empire AI kontan anpil paske li plase eta nou an byen fèm nan episant devlopman IA. Lè nou reyini kèk nan pi gwo enstitisyon rechèch nan peyi a, ansanm ak patnè sektè prive yo, n ap asire aksè a pisans enfòmatrik klas mondyal la pataje atravè konpayi mondyal yo, enstitisyon san bi likratif yo ak ekspè akademik nan New York yo. Teknoloji IA yo sou wout pou transfòme fason nou viv ak travay, epi patenarya sa yo se kle pou jenere efè volan inovasyon revolisyonè ak antreprenarya atravè eta a. Avèk Empire AI, n ap pyonye nan inovasyon IA ki an sekirite, ekritab ak aksesib ki pral benefisyè chak sektè nan ekonomi New York la."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)